



Pou Piblikasyon Imedya: 13/05/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 12 KONTE ANPLIS AP KALIFYE KOUNYE A POU
REKÒMANSE OPERASYON ELEKTIF YO**

*Konte Albany, Cayuga, Chemung, Columbia, Clinton, Cortland, Montgomery,
Orange, Otsego, Rensselaer, Schenectady ak Warren ap kalifye kounye a pou
rekòmanse operasyon elektif yo*

Yon total 47 konte ka rekòmanse kounye a operasyon elektif yo

***Sant chiriji pasyan nan 47 konte sa yo pral kapab tou rekòmanse operasyon
elektif yo***

Nan kad pandemi COVID-19 ki ankou a, jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse 12 konte anplis ap kalifye kounye a pou rekòmanse operasyon elektif yo. Gouvènè a te anonse dènyeman eta a ap pèmèt pou rekòmanse fè tretman ekstèn ochwa nan konte ak nan lopital yo san risk pou ogmantasyon enpòtan COVID-19 akoutèm, ak yon total 47 konte ka rekòmanse kounye a operasyon elektif yo:

Albany	Genesee	Putnam
Allegany	Herkimer	Rensselaer
Broome	Jefferson	Saratoga
Cattaraugus	Lewis	Schenectady
Cayuga	Livingston	Schoharie
Chautauqua	Madison	Schuyler
Chemung	Monroe	St. Lawrence
Chenango	Montgomery	Steuben
Clinton	Niagara	Sullivan
Columbia	Oneida	Tompkins
Cortland	Onondaga	Ulster
Delaware	Ontario	Warren
Dutchess	Orange	Wayne
Essex	Orleans	Wyoming
Franklin	Oswego	Yates
Fulton	Otsego	

Sant chiriji pasyan nan 47 konte sa yo pral kapab tou rekòmanse operasyon elektif yo. Anplis de sa a, Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta a te klarifye ke sant sa yo ka kontinye bay kèk pwosedi dyagnostik oswa pwosedi tès depistaj tankou pou kansè. Empire State Development Corporation te klarifye tou ke yo kontinye pèmèt vizit doktè yo epi rete louvri kòm biznis esansyèl.

"Lè pandemi sa a te kòmanse, sistèm lopital nou yo te akable epi nou te sispann chiriji elektif yo pou ogmante kapasite lopital nou an pou pasyan COVID yo", **Gouvènè Cuomo te deklare**. "Nou deja fè anpil pwogrè pou sispann pwopagasyon enfeksyon sa a epi tout flèch yo pwente nan bon direksyon. Kounye a, nou nan yon pwen kote nou ka rekòmanse chiriji elektif yo nan konte kote ki pa gen risk siyifikatif pou gen yon vag COVID-19 la akoutèm, epi gen yon total 47 konte ki deja satisfè kritè yo pou kòmanse reprann tretman elektif sa yo."

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)